	POLITIK AK PWOSEDI NAN ZAFÈ RESOUZIMÈN	
	SIJÈ: KONJE PARANTAL PEYE	DAT APLIKAB: 1 Janvyè 2025 DAT REVIZYON: Pa Aplikab
	NIMEWO POLITIK LA: 702	Paj 1 sou 3
POLITIK SA A SE YON NOUVO POLITIK.		

## I. OBJEKTIF

Asosye ki elijib yo ka pran jiska kat (4) semèn konje peye nan yon ane kalandriye konstan pou yo kreye lyen ak pitit yo apre nesans, adopsyon, oswa plasman nan fanmi dakèy (Konje Parantal). Asosye yo ka elijib tou pou konje ak avantaj konje peye dapre lòt politik Konpayi an, ansanm ak lwa eta ak lwa lokal ki aplikab yo. Sòf si yo mansyone yon lòt bagay, Konje Parantal la fonksyone an menm tan ak tout lòt fòm konje ki aplikab (ki peye epi ki pa peye) nan limit lalwa pèmèt.

## II. DIMANSYON

Pratik sa a aplike nan tout Lokal Perdue Ozetazini yo, sikisal ak filyal li yo.


## III. ELIJIBILITE

A. Konpayi an pral detèmine elijibilite pou Konje Parantal dapre dat rekritman an.

B. Asosye ki elijib yo se asosye ki satisfè kritè sa yo:

1. Yo te travay nan Konpayi an pou omwen 12 mwa youn apre lòt.
2. Yo te travay omwen 1000 èdtan pandan 12 mwa youn apre lòt touswit anvan dat Konje Parantal la ta kòmanse.
3. Yo se asosye aprentan oswa a tan pasyèl ki pa kouvri selon yon akò negosyasyon kolektif.
4. Anplis de sa, asosye yo dwe satisfè youn nan kritè sa yo:
  - (a) Yo te fè yon timoun.
  - (b) Yo se konjwen oswa patnè (ki marye oswa ki pa marye) yon moun ki te fè yon timoun kote asosye a gen entansyon pou li se paran timoun nan oswa li se paran timoun nan an reyalyite. Pou w yon paran, sa mande swen chak jou ak sipò finansye.
  - (c) Fè plasman yon timoun ak asosye a pou swen adopsyon oswa swen adoptif kote asosye a endike nan òdonans adopsyon oswa plasman an.

Avèk apwobasyon: 	Dat: 12/12/24
---	------------------


	POLITIK AK PWOSEDI NAN ZAFÈ RESOUZIMÈN	
	SIJÈ: KONJE PARANTAL PEYE	DAT APLIKAB: 1 Janvyè 2025 DAT REVIZYON: Pa Aplikab
	NIMEWO POLITIK LA: 702	Paj 2 sou 3
POLITIK SA A SE YON NOUVO POLITIK.		


#### IV. DEMANN POU KONJE PARANTAL PEYE

- A. Asosye yo dwe bay Sipèvizè yo a ak administratè tyès pati otorize Konpayi an k ap jere konje yo, aktyèlman ki se Unum, yon avi demann pou Konje Parantal la omwen 30 jou anvan dat yo pwopoze pou konje a (pa egzanp, dat ki prevwa pou yo akouche a oswa dat ki prevwa pou adopsyon an); oswa, nan ka ki ra kote yo pat prevwa konje a, pi vit ke posib e otomatikman yo ka fè sa selon sikonstans yo.
- B. Asosye a oblije bay administratè tyès pati otorize konpayi an, aktyèlman ki se Unum, dokiman ki pou sipòte elijibilite l pou Konje Parantal la, pou yo peye konje a jiska montan maksimòm ki otorize a.
- C. Asosye ki elijib yo ka mande jiska 4 semèn konje parantal peye youn apre lòt nan to salè debaz nòmal yo a pou kreye lyen ak pitit yo a apre nesans li oswa pou plasman l pou adopsyon oswa nan fanmi dakèy. Si yo elijib, asosye yo dwe pran konje peye a nan lespas yon ane apre nesans lan oswa plasman an.
  1. Yon “semèn” vle di semèn travay regilye asosye a.
  2. Yo dwe itilize tout konje yo pou objektif yo te prevwa. Objektif Konje Parantal la se pou kreye lyen ak nouvo timoun nan epi pèmèt nouvo paran pataje responsablite li genyen nan zafè bay swen. Anplwaye k ap pran Konje Parantal yo pa kapab travay pou yon salè oswa pou yon lòt patwon pandan nenpòt semèn yo pran Konje Parantal la. Asosye a dwe pase tan ak timoun nan epi jwe wòl li kòm paran/kreye lyen pandan Konje Parantal la.

#### V. KOWÒDINASYON AK Lòt POLITIK YO

- A. Politik sa a pral fonksyone an menm tan ak nenpòt lòt konje ki kalifye, tankou konje Familyal ak Lwa sou Konje Medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA), Lòt Konje Medikal (Other Medical Leave, OML), konje yo bay selon Lwa sou Ekite pou Travayè ki Ansent (Pregnant Worker Fairness Act, PWFA), ak nenpòt konje eta oswa lokal ki obligatwa, jan lalwa pèmèt sa.
- B. Sof si yo deklare yon lòt bagay, pandan Konje Parantal la, asosye yo oblije itilize oswa pran tout lòt fòm konje peye ki aplikab yo youn apre lòt, sof avantaj pou andikap akoutèm. Avantaj konje peye eta a ap ranplase Konje Parantal la lè sa aplikab. Nan okenn sikonstans, yon asosye pa kapab resevwa plis pase 100% nan salè debaz li (plis nenpòt lòt avantaj li deja touche ak/oswa benefisye) pandan konje a.

Avèk apwobasyon: 	Dat: 12-12-24
---	------------------


	POLITIK AK PWOSEDI NAN ZAFÈ RESOUZIMÈN	
	SIJÈ: KONJE PARANTAL PEYE	DAT APLIKAB: 1 Janvyè 2025 DAT REVIZYON: Pa Aplikab
	NIMEWO POLITIK LA: 702	Paj 3 sou 3
POLITIK SA A SE YON NOUVO POLITIK.		

**VI. KONJE PARANTAL KI PA ITILIZE**

- A. Nan fen peryòd 12 mwa a, y ap anile nenpòt Konje Parantal ke yo pa itilize. Yo p ap peye Konje Parantal la lè kontra travay la sispann.
- B. Konje Parantal pa reprezante yon anilasyon sèvis lè w ap kalkile ane sèvis yo.

**VII. KONFÒMITE LEGAL**

- A. Konpayi an p ap pran okenn desizyon defavorab kont okenn asosye konsènan travay la poutèt yo mande oswa pran konje jan politik sa a pèmèt li a.

Avèk apwobasyon: 	Dat: 12/12/24
---	------------------